ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№41 (24.167) ● 2021 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 13, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Парламентым

Уз зэрыцІалэр мэужьых

Республикэм и законхэр къыдэзыгъэкІи и органым и унафэщІ Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр. Правительствэм хухаха зэманым хиубыдэу абы щыхэплъащ коронавирус уз зэрыцІалэм земыгъэубгъунымкІэ КЪБР-м и министр Къалэбатэ Рустам къыпсэлъам. Абы зэрыжиІамкІэ, мы уз зэрыцІалэр шынагъуэр зэуэлІахэм щІэзэ сымаджэщу иджыпсту республикэм тІу щыІэщ. Ахэр къалэ сымаджэщ №21-мрэ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и район зэхуаку сымаджэщымрэщ. Абыхэм псори зэхэту гъэзэныпІэ 310-рэ яІэщ икІи мы зэманым щыІу 233-рэ щагъэхъуж.

АПХУЭДЭУ телемедицинэ чэнджэщхэр щрат республикэ центр кьыхэІуахащ икІи абы зыкъыхэзыгъэзэхэм чэнджэщхэр ират министерствэм и ІэщІагъэлІэхэм. Апхуэдэу сымаджэ нэхъ хьэпъэхэм зэрелІэзэнум теухуауэ федеральнэ консультацэ центрхэм я ІэщІагъэлІэхэм зыхуагъазэ.

Коронавирусым пыщІа Іэхуэхэм щІэупщІэн папщІэ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм щагъэуващ №122-рэ зиІэ телефон. КЪБР-м и медицинэ Іэхуэщ щІалІэхэм хиубыдэу иджыпсту мы уз зэрыцІалэр щызэхагъэкІ икІи абы щІэзэ амбулаторзу пЛЫ щыІэщ. А амбулаторэхэр уз зэрыцІалэр зэуэлІэнкІэ хъуну кьалъытэ цыху 2244-м якІэлъоплъ, апхуэдэу коронавирус узыфэр зэуэлІауэ кьалъыта цыху 226-м йолІэзэ. Абыхэм ящыщу нэхъ зи узыншагъэм тешныкьхьэр икІэщІыпІэкІэ стационар Іэхуэщ щІалІэхэм ягъакІуэ.

Иджыпсту компьютер томографхэр зиІэ кьэрал медицинэ Іэхуэщ щІалІэр тху жэщми махуэми мэлажьэ икІи абыхэм кьыщахутэ сымаджэ хъуахэм я тхьэмбылхэм я щыгъкІэр. Зи гугъу тщІы Іуэхущ щІалІэхэм псори зэхэту апхуэдэ кьэхутэныгъэу мин 89-м щІигъу ирагъэкІуэкІащ.

УФ-м и Правительствэм и унафэм икъ иткІэ ирагъэкІуэкІыпхъэ лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІыным трагъэкІуэдэн папщІэ 2020 гъэм и жэпуэгъуэ - дыгъэгъазэ мазэхэм бюджет ахъшэу сом мелуан 50,7-рэ хухахащ икІи блэкІа илъэсыр иухыху а ахъшэмкІэ кьащэхуащ амбулаторэхэм зыщІэІэза цыху 6440-м ирахьэлІа хущъхьэр.

Министрым къыхигъэщхэхуКІащ мы уз зэрыцІалэр кьыззэтегъэувыІэныжмкІэ зэкІыпІэ нэхъыщхьэу щытыр иммунизацэр арауэ зэрыщытыр. А лэжьыгъэр щрагъэкІуэкІ медицинэ Іэхуэщ щІалІэхэр зэрылэжьну планыр яубзыхуащ икІи ахэр иджыпсту балигъэхэм вакцинэ яхэлъхьэныж йогугъу.

КЪБР-м «Гам-Ковид-ВАК» вакцинэу мин 31-м нэблагъэ, ягъэува планыр ягъэзэщІын папщІэ зыхуеинум и проценти 7,7-рэ, ящІэрыхьащ. НэгъуэщІ вакцинэ лІэужьыгъуэхэр зэкІэ КЪБР-м кьыІэрыхьэну пэплъэркъым. Ялэ хэлъхьэгъуэу вакцинэр цыху 19592-м, етІуанэ хэлъхьэгъуэ - 12132-м ирахьэлІащ. Абы и зэранигъэ гуэр зэкІа зэкІэ щІэкъым. Мы вакцинэр щыхалъхьэ пункт администрацэхэми. ЩІыпІэхэр зэщІэгъэкъабзэным екьэлІа мазитІ лажьыгъэм ипкъиту Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъхэр кьагъэщІэрэщІэж, абыхэм я Іэгъуэблагъэхэр зыхуей хуагъазэ.

Абы щыІэ ІэщІагъэлІэхэр зэрыцІэрыІуэ, ІэщІагъэлІэ ІэщІагъэлІэ ІэщІагъэлІэ

● Зэпеуэхэр

Я къуэпсхэм зыхуагъэзэж

Хьэтlохъущокъуэ Къазий и цlэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм къыхилъхьэри, лъэпкъхэм я лlакъуэ жыгхэр зэхэгъэувэным теухуауэ Къэбэрдей-Балкъэр Мэхьмуд и фэеплъу «Лlакъуэеджэ» дунейпсо щlэныгъэ-уэсщlакlуэ зэпеуэр иригъэкlуэкlащ. Ар хуэунэтlат адыгэ щэнхабзэм и къэгъэщlыгъэ зэмылlэужьыгъуэхэм щlалэгъуалэм гу лъеГэтэным, нэхъ пыухыкlащ жыпlэмэ, лакъуэ тхыдэм щыгъэгъуэзэным, аджькъэм я цlэхэмрэ я Іуэхущlафэхэмрэ ящlэу къэгъэтэджыным, ар пщlэ зыпылъ Іуэхугъуэу зэрыщытым, лъэпкъым зэрыщыщыр къэзыгъэлъагъуэ нэщэнэ зэрыхъым и гупсысэр тешэным.

ЗЭПЕУЭР зи фэеплъу екlуэкlа Къыпл Мэхьмуд Тыркум хыхьэ Сауаз щlынальэм ит Бабыгуей къуажэм къыщалъхуащ. Хамэщlым щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм нэхъыжьыфlу къальытэу, и псальэм пщlэ хуащlу псэуащ Мэхьмуд. Ар адыгэбзэм хуэIэзэ, Адыгэ хабзэм фIыуэ хэзыщlыкl цlыхут, жылагъуэ лэжьакlуэ емышыжт. Къыпл Мэхьмуд и адыгэбзэр апхуэдизкlэ куут, лъащlэнщэти, хэку тхакlуэхэм я тхыгъэхэр тыркубзэм ирилъхьэну тегушхуэрт, уеблэмэ ар зэрытхар тыркубзэрэ адыгэбзэрэ пхузэхэмыгъэкlыу кlыбзэу зэридзэкlырт. Мэхьмуд адыгэ лъэпкъэм я тхыдэм фIыуэ щыгъуэзэт, унагъуэкъэ къыздикlар кlыбжьиэфыну лlакъуэ щlэныгъэшхуэ зэрихьэрт. Абыкlэ ар Іуэрыуатэлъхьэхэми лъэпкъ щlэныгъэ зэхуэзыхьэсхэми хуабжьу ещхькlэпащ. Зэпеуэр Къыпл Мэхьмуд и фэеплъу зэхэщэнкlэ къыдзыихэкlар араш.

Дунейр зэщlэзыщта узыфэм и ягъэкlэ Адыгэбзэ Хасэм и лэжьыгъэхэр пэIудзауэ фIэкlа мы лъэхъэнэм нэгъуэщlу хуегъэкlуэкlыркъым. Ауэ, абы щхьэкlэ къэмынlэ Іыпхьэкъэ къыхилъхьа проектхэр мыужьыхьауэ ирегъэкlуэкl, уеблэмэ лэжьыгъэщlэхэри утыку кърехьэ. Адыгэбзэ Хасэм къызэригъэпэщ зэпеуэхэр, зэхуэсхэр, зэныкъэкъуэхэр онлайн-жьпхъэм щригъэзагъэми, зыхущlэкъуар зыщ - ижьыщlэр зэпымыуныщ, зэрыхуэзэфlэкlкlэ егъэджакlуэми еджакlуэми я тынщыгъуэ хэлъу ахэр къызэгъэпэщынырщ. А жьпхъэм иту екlуэкlащ Адыгэбзэ Хасэм къызыхилъхьа проектыщlэу «Лlакъуэеджэ» зыфIащар.

Зэпеуэм хэтыну хуитт курыт еджапIэхэм щlэсу зи ныбжьыр илъэс 13-17-м итхэр (7-11-нэ классхэр). Абы крихьэлlащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Краснодар, Ставрополь щlынальэхэм щыщ адыгэ ныбжьыщlэхэр. Лэжьыгъэ къыхlкlэхэм пъэпкъ тхылъ щыIэхэр тегъэщlапIэ ящlами, абы къыщыуыIакъым, къэхутэныгъэхэр ирагъэкlуэкlащ. Унагъуэ архивхэр щэщlауэ къагъэсэбэпащ, лъэпкъ Іуэрыуатэ гъэщlегъуэн куэд лэжьыгъэм хаухуэнащ, лакъуэ жыг щыIэхэр зэрагъэзэхуэжьурэ щlэрыпсу зэхэзыгъэувэжахэри мащlэкъым. Ущымыгуфlыкlыу къанэркъым, къэхутэныгъэ езыгъэжьауэ кlэхэм тхылъ щыIэхэм я фIэщlигъэр къыхагъэщlурэ, езыхэми а Іуэхум щlэщыгъуэ халъхьэурэ лэжьыгъэр зэращlар. А бгъэдыхьэкlэм еджакlуэхэм я къэхутэныгъэхэр щlэныгъэ жьпхъэм иригъэуващ.

«Лlакъуэеджэ» зэпеуэм къыхэкlа лэжьыгъэхэм я къэпщlэнкlэ Іыхьитlу екlуэкlащ. Ящм ныбжьыщlэхэм я Іэдакъэщlэкlхэм езыхэм я акъылрэ щlэныгъэу хэлъыр щызэхагъэкlащ. Етlуанэм лэжьыгъэхэр зэпеуэр зэркlуэкl хабзэм зэрытехуэр, Іуэхугъуэу зызращыгтар нэсу зэрагъэзэщlар къахутащ. Апхуэдизу Къэпщlакlуэ гупыр хэплъащ лэжьыгъэр зытеуухуа лъэпкъ хъыбарыр, абы и Іуэрыуатэкlэр, гупсысэр зэлъэIэса зэрыхуэар, абырэ къэхутэныгъэр зыхуэунэтIа Іуэхугъуэмрэ зэрызэпэджэж, зэрызэтехуэ щыкlэм, ар щlэщыгъуэу гъэпса зэрыхъуам, адрейхэм къащхьэщигъэкlыу абы хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, лакъуэ жыгхэм я зэхуэхуэнкlэр, ахэр гурыIуэгъуэу зэрызэхэлъхьам, гуэдзэн хуащIа суратхэр, картхэр, документхэр, архив тхылъымпIэхэр екlуу зэрызэгъэпэщам, нэгъуэщlхэми.

Псори зэгъусэу «Лlакъуэеджэ» зэпеуэм къэхутэныгъэ 34-рэ курыт еджапIэхэм щlэсу зи ныбжьыр илъэс 13-17-м итхэр (7-11-нэ классхэр). Абы крихьэлlащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Краснодар, Ставрополь щlынальэхэм щыщ адыгэ ныбжьыщlэхэр. Лэжьыгъэ къыхlкlэхэм пъэпкъ тхылъ щыIэхэр тегъэщlапIэ ящlами, абы къыщыуыIакъым, къэхутэныгъэхэр ирагъэкlуэкlащ. Унагъуэ архивхэр щэщlауэ къагъэсэбэпащ, лъэпкъ Іуэрыуатэ гъэщlегъуэн куэд лэжьыгъэм хаухуэнащ, лакъуэ жыг щыIэхэр зэрагъэзэхуэжьурэ щlэрыпсу зэхэзыгъэувэжахэри мащlэкъым. Ущымыгуфlыкlыу къанэркъым, къэхутэныгъэ езыгъэжьауэ кlэхэм тхылъ щыIэхэм я фIэщlигъэр къыхагъэщlурэ, езыхэми а Іуэхум щlэщыгъуэ халъхьэурэ лэжьыгъэр зэращlар. А бгъэдыхьэкlэм еджакlуэхэм я къэхутэныгъэхэр щlэныгъэ жьпхъэм иригъэуващ.

«Лlакъуэеджэ» зэпеуэм къыхэкlа лэжьыгъэхэм я къэпщlэнкlэ Іыхьитlу екlуэкlащ. Ящм ныбжьыщlэхэм я Іэдакъэщlэкlхэм езыхэм я акъылрэ щlэныгъэу хэлъыр щызэхагъэкlащ. Етlуанэм лэжьыгъэхэр зэпеуэр зэркlуэкl хабзэм зэрытехуэр, Іуэхугъуэу зызращыгтар нэсу зэрагъэзэщlар къахутащ. Апхуэдизу Къэпщlакlуэ гупыр хэплъащ лэжьыгъэр зытеуухуа лъэпкъ хъыбарыр, абы и Іуэрыуатэкlэр, гупсысэр зэлъэIэса зэрыхуэар, абырэ къэхутэныгъэр зыхуэунэтIа Іуэхугъуэмрэ зэрызэпэджэж, зэрызэтехуэ щыкlэм, ар щlэщыгъуэу гъэпса зэрыхъуам, адрейхэм къащхьэщигъэкlыу абы хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, лакъуэ жыгхэм я зэхуэхуэнкlэр, ахэр гурыIуэгъуэу зэрызэхэлъхьам, гуэдзэн хуащIа суратхэр, картхэр, документхэр, архив тхылъымпIэхэр екlуу зэрызэгъэпэщам, нэгъуэщlхэми.

I. Ялъэ щlэныгъэ хуагъэфэщащ Абыкъухьэблэ дэт 1-нэ курыт еджапIэм и 7-нэ классым хэс **Бжьахъуэ Алинэ**. Егъэджакlуэр Бей Жансурэтщ. Саугъэтыр сом минитху.

II. Етlуанэ уэвыпIэр цlыхуитIым зэдагуэшащ:

1) Налшык къалэм дэт 26-нэ курыт еджапIэм и 7-нэ классым щlэс Джэдгъэф Дисэ. Егъэджакlуэр Къанло Эльбинэщ. И тыгъэр сом миниплI мэхъу.

2) Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Къэсейхьэблэ дэт, Арэшыкъуэ Рафаел и цlэр зезыхьэ курыт еджапIэм и 7-нэ классым щlэс **КIэмрыгу Имран**. Егъэджакlуэр Шэрджэс Расьятщ. Саугъэтыр сом миниплI мэхъу.

III. Ещанэ увыпIэр цlыхуищым къалъысащ:

1) Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Къыпышкъуажэ дэт, Урысейм и Пыхьужь Къардэн Уэхьид и цlэр зезыхьэ курыт егъапIэм и 10-нэ классым щlэс **КIэдакlуэй Дамир**. Егъэджакlуэр Абдокъуэ Фатlимэтщ. Саугъэтыр сом минищ.

2) Къэсейхьэблэ дэт 1-нэ курыт еджапIэм и 11-нэ классым щlэс **Даур Аидэ**. Егъэджакlуэр Абрэдж Фатlимэщ. И саугъэтыр сом минищщ.

3) Щхьэщэхуэ къуажэм дэт, Тlымэ Мурат и цlэр зезыхьэ 9-нэ курыт еджапIэм и 7-нэ классым щlэс **Табыщ Заур**. Егъэджакlуэр Уэгъулэ Мыlуминщ. Саугъэтыр сом минищщ.

Увыпlэ ягъуэвахэм къищынэмыщlауэ, Къэпщlакlуэ гупым лэжьыгъитl къыхагъэщlащ унэтlыныгъэ щхьэхуэу кlуэн хуейуэ:

«Лъэпкъ Іуэрыlуатэр лэжьыгъэм дахэу зэрыхиухуэнам папщlэ» унэтlыныгъэмкlэ къыхэнэlукlащ Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Хьэгъундыкъуей къуажэм дэт 2-нэ курыт еджапIэм и 8-нэ классым щlэс **ЛIымахуэ Ирадэ**. Саугъэтыр сом минитl мэхъу.

Къыхэкlа лэжьыгъэхэм я нэхъыбэр лъэныкъуэ куэдкlэ зэрыгъэщlэгъуэныр къэпщlакlуэхэм къыхагъэщащ, зыщlымыгъуазэхэм зэрырихьэлIами и гугъу ящlащ. Гуапэщlалэгъуалэм я къуэпсхэр къахутэжу, зыщlыщ лъэпкъым и кlэжьапIэхэр къаIащlыжу зэрыщытыр. Абы гугъапIэ кlыует лъэпкъ щlэжьыр мыкlуэсэжу кlыззэрызэтенэнум, дызихэтыр тщlэуэ щытмэ, дызыщыщкlи дыкъызэрыщlэмыкlуэнум. Зэпеуэм щытекlуакъэмрэ кlыщыхэжаныкlахэмрэ я щlэныгъэм нэхъри хагъэхъуэну ди гуапэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

● Ди нэхъыжьыфIхэр

ЩIэблэм я ущиякIуэ

Лъэпкъыр лъэпкъ зыщlыжьыр цlыхуращ. Аращ зыщlыщ лъэпкъым и цlэр Іейкlи фIыкlи зыгъэIуфынур. Жылэм я нэгум гуфIэ илъу ягу укъагъэкlыжмэ, хьыбарыфI щыжаIэкlэ, уи цlэр хьахагъэщlмэ, лэжьыгъэ и лъэныкъуэкlэ пхуэдэр зырызмэ, ар насыпым щыщкъэ!? Джылахьстэней Ислъэмейм щыпсэу псоми фIыуэ ящlыхуу, пщlэшхуэ хуащIу, лэжьыгъэм псэемыблэжу бгъэдэтахэм ящlыщщ нобэ зи гугъу фхуэтщlыну дызыхуейри. Ар Езауэ Темрал Хьэмзэт и къуэращ.

ТЭРЧ щlынальэм хыхьэ Ислъэмей (Курп Ипщэ) къуажэм 1941 гъэм и мэлыжьхьым и 13-м къыщалъхуащ Темрал. Зи сабиигъуэр гущlэгъуншэу зауэ бзаджэм зэхихьутахэм, «зауэм и бынхэр» жьхуаIэхэм ящlыщ. Хэт ищlэнт биидзэм къэралым и вагъуэр иригъэжьи мурад иIэу ауэ къыттеуэну!? 1941 гъэм Темрал и адэ Езауэ Хьэмзэт зауэм дашащ, 1942 гъэм Харьков и Іэгуэлблагъэм хиубыдэ Изюм къалэм дэж гъэр щыхъуащ. А илъэс дыдэм и щхьIэгъуэ маазэм и гъащlэр къыщыщlэпыдащ гъэрпIэм.

Темрал и анэ МакIуе дунейм ехьжьыхукIэ пэплъащ и щхьэгъусэм къигъэзэжыну. Темрал анэжьилъхьэ закъуэу иIэу арат, щынэхъыжь Темыркъан (дэ ди адзэхуэр). «Вы зимыIэм шкIэ щlешlэ», - жьхуиIэрати, Темыркъан пасэу лэжьыгъэм пэрыуат. Зым Іэпыхур адрейм къищтэжу, и анэ МакIуцрэ абырэ лажьыгъэм пэрытащ. Темыркъан шынэхъыжь къудейтэкъым, адэ пэлъытат Темрал и дежкlэ.

- Адэ зиIэхэм Мкъан (апхуэдэут и шынэхъыжьым и цlэр зэрыжиIэр) сэ зэи сригъэхъуэпсакъым, ар къуэш нэхъыжь къудейтэкъым - ар сэ адэуи сиIащ. Сыт щыгъуи къыстеубгъуауэ щытащ. Си къуэшыр дунейм щекьжам щыгъуэщ сэ балигъ сыщыхъупар. Зыгуэр къысхэкlами, абы и фIыгъэ хуэдэ щlэщ. Сыт щыгъуи абы сыдэплъейуэ щытащ, - жеIэ Темрал и къуэшым и гугъу щищlкlэ, и нэпсхэри къыфIокIуэ.

Зауэ нэужь зэманыр сыт хуэдизу гугъуу щытами, Темрал классищlыр къиухащ, иужькlэ Мейкъуапэ дэт автодорожнэ техникумым щеджащ. Пощтэхьэу лажьэу, 1959 гъэм дзэ къулыкъым ираджащ. ИлъэсиплIым нэблагъэкlэ Луганск къалэм дзэм къулыкъу щищlащ абы. И пщэм къыдалъхьэ лажьыгъэр зэрыхъуэу щигъэзащlэм, отпуски къагъэкIуэжауи щытащ. Дзэр къыщиухым Донецк и «Шахтёр» футбол командэм ирагъэблагъат, ауэ, «бланэ щалъху мэкIуэж» жьхуиIэу, адэжь щlынальэм къигъэзэжащ. ИужькIэ колхозым шофёру щlилажьащ.

Темрал сыт щыгъуи спортыр фIыуэ ильагъурт. Абы зэфlэкlышхуэ къыгъэльагъуэрт атлетикэ псынщlэмкlэ, волейболымкlэ, футболымкlэ. И зэфlэкlэр къалъытэри, 1964 гъэм Темрал курыт школым ирагъэблагъащ физкультурэмкlэ егъэджакIуэу. Абы щылажьэхуэ, Темрал и еджакIуэ щыкIуэр шахматымкlэ, столыщlыкъэ теннисымкlэ, волейболымкlэ зэпеуэ куэдым хэтащ. Куэдри зэпеуэм зыIорагъэхьахэщ. Футболымкlэ ренэсыр щекIуэкlа зэпеуэм етIуанэ увыпIэр къыщlахьауи щытащ.

Апхуэдэу илъэс 46-м нэблагъэкlэ лажьащ, пщlэшхуэ къыхущlу гупым яхэтащ. И лэжьыгъэр игу дыхьэу, и къару емыблэжу зэрыщlытам щыхьэт тохъуэ Темрал къыхуагъэфэща цlэ лъапIэхэри. Апхуэдэхущ, псалъэм папщlэ, «Жьыжэрагъ хэпъу зэрылажьэм папщlэ», «Цlыхубэ егъэджэныгъэм и отличник», «ЕгъэджакIуэ нэхъыжь», нэгъэщlхэри. Ар мыззмытIэу щытекIуащ а лъэхъэнэм екIуэкIыу щыта социалист зэхьэзэхуэхэм, абы щыхьэт тохъуэ дамыгъэри ираратащ.

1968 гъэм Темрал щхьэгъусэ хуэхъуащ Ащхъуэт Зое Хьэпагуэ и пхъур (ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар пасэу дунейм ехьжащ, ахърэт нэху Алыхьым кърат). Абыхэм зэдагъуэтат быниц - Хьэбас, Люсенэ, Заур. И бын псоми щlэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэгъуэтащ адэм, ипхъу Люсенэ, и нысэхэу Мадинэрэ Марьянэрэ егъэджакIуэщ. Къуэрылъху-пхъурылъхуу 7, абыхэм я быныжу 4 иIэщ абы. Абыхэм гукъыдэж ярату мэпсэу Темрал.

Езауэр мылэжьэжми, курыт еджапIэм зы Іэхугъуэ зы махуэщхуэ щекIуэкIырыкъым ар ирамыгъэблагъэу. Ныбжьыщlэхэм ущиинми, Іэнатlэм пэрыхьагъащlэ егъэджакIуэхэр лэжьыгъэм ехьэлIа чэнджэщ хуейми, ягъуэт нэхъыжьыфIыр. Иригъаджэж щытахэр щlэх-щlэхьыурэ лъагъунлъагъу къыхуокIуэ, махуэшхуэ хъуамэ, къохъуэхъу, Іуэгу захуэ зэрытригъэувам папщlэ фIыщlэ къыхуащlу.

Нобэ Темрал илъэс 80 ирокъу. И ныбжьым хуумыгъэфэщэну жыдэржщ ар, спортри Іэщlыб ищlакъым. Пщэдджыжькlэрэ уэрамым жьыуэ хуэдыдхьэмэ, Іэмал имыIэу абы урихьлIэнущ, лъакъуэрыгъажэкlэ къижьхьауэ хуэдыжьу. Унагъуэ къалэнри зригъэтlилъэкlакъым: джэдкъаз, Іэщ жьыхуэпIэхэр фIыуэ елъагъури, абыхэми якIэлъоплъ. Къуэрылъху цlыкIуэхэми я уэршэрэгъущ.

Щабэу, гуапэу, Іэфlу ди ущиякIуэм, чэнджэщгъу Іущым дохъуэхъу къыщlалъху махуэмкlэ. И узынщагъэрэ и гуащlэрэ мыкIуэщlу, быным, абыхэм я щlэблэм я насыпым и псэр игъэнэхурэ и гум екуэбылIэу куэдрэ упсэну ди гуапэщ. Темрал дадэ, дыбГъэгушхуэрэ удгъэгуфIэу, уи дунейр дахэу, уи пщlэр лъагэу, унагъуэ жьэгур мыужьыхьэу тхуэпхъумэу куэдрэ укъытщхьэщытыну Тхьэшхуэм жиIэ!

ТIЫМЫЖЬ Лацэ,
МЭШ Софиет.
Тэрч щlынальэ

Гъуэгуанэ купщIафIэ къэзыкIуа

Республикэм и мэкъумэш Іэнатlэм зиужьыным, ар ефlэкIуэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищlащ Атэлыкъ Анатолэ Тэзрэт и къуэм. Апхуэдэу мэкъумэш техникэр республикэм лизингкlэ къратыныр зэтегъэувэным зи гуащlэ хэзыльхьаХэм ящlыщщ ар. А Іуэхум и фIыгъэкlэ мэкъумэшыщlэхэм трактор, комбайн, нэгъуэщl Іэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэ куэд зыIэрагъэхьэну Іэмал ягъуэтащ. Къащlалъхуа щlынальэм зэрыхуэзэфlэкlкlэ щхьэпэ хуэхъуа Анатолэ и ныбжьыр нобэ илъэс 70 ирокъу. Абы къикIуащ пщlэрэ щlыхькlэ гъэнщlа гъуэгуанэ купщIафIэ.

Атэлыкъыр 1951 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м Налшык къыщалъхуащ. Къалэм дэт курыт школ №3-р екъулIэныгъэфlэхэр иIэу къиухри, 1969 гъэм дзэм къулыкъу щlищlэну ираджащ. Зыхэхуа тенджыз Іэсэрыкlуэдзэм и 810-нэ полк щхьэхуэм хэту абы и къалэныр щрихьэкlыну къыхуихущ Сириеми, Ливиеми, Ливанми. Адыгэ щlалэр зыхэтым фIыкlэ къахэщу, щапхъэ яхуэхъуу армэ иIэсэхэр къырихьэлIащ.

Дзэ къулыкъу нэужьым Анатолэ щlэтlысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым математикэмкlэ и къудамэм. Инджылызбзэмрэ есэпымрэ фIыуэ зыщlэ, къэрал хабзэхэм хъарзынэу хэзыщlыкl щlалэм, иджыри ещанэ курсым щеджэу, Къэбэрдей-Балъкъэр «Мэкъумэштехникэ» Іэхущlапlэм и информационно-вычислительнэ центрым лэжьэн щыщlидзащ. Іэхущlапlэр зыхуэныкъуэ программист лъэрыхьу къахущlэкlащ Атэлыкъыр икIи щыгтхъу иIэу илъэс зыбжанэкlэ а Іэнатlэм пэрытащ. ИужькIэ ар ягъэкIуащ «Мэкъумэштехникэм» и къэрал комитетым и управленэм. Абы зэрыщыIа зэманым къыриубыдэу Анатолэ хуэзэфlэкlащ къапщlэу Іэнатlэр иригъэфlэкIуэн, Іуэхум бгъэдыхьэкlащlэхэр хилъхьащ, абы и Іэмалхэм я фIыгъэкlэ зэфlагъэкI лэжьыгъэхэм хэхъуащ.

Хэлъэт зиIэ, зи пщэрылъыр нэгъэсауэ зэфlэзых, сыт хуэдэ Іэхуми жэуаплныгъэ пылъу бгъэдыхьэ Атэлыкъым и зэфlэкlхэр къальытэри, КъБР-м и Министрхэм я Советым мэкъумэш Іэнатlэмкlэ и управленэм и унафэщlу ягъэуващ, ЕхъулIэныгъэфlэхэр иIэу а къулыкъум илъэс бжыгъэкlэ пэрытаэу, 1986 гъэм «Агропром»-м ягъэкIуащ икIи абы илъэсищым щIигъукlэ щылэжьащ. 1989 - 1991 гъэхэм Анатолэ жылэ зэгъэкIуэкlыныммкlэ «Нарт» совет-венгр зэгухьэныгъэм и коммерческэ унафэщlу лэжьащ.

90 гъэхэм, къэралым зэхъуэкlыныгъэшхуэхэр щыщlекIуэкIа зэманым, Атэлыкъ Анатолэ Москва уней Іэхущlапlэ къыщlэзэригъэпэщри, мэкъумэш продукцэр щэным теуухуауэ хамэ къэралхэм ядэпэжьащ. Пlалъэ гуэркlэ абы щыIауэ щlалъху щlынальэм къигъэзэжри, Къэбэрдей-Балъкъэрым щlынальэм и управленэм. Абы зэрыщыIа зэманым къыриубыдэу Анатолэ хуэзэфlэкlащ къапщlэу Іэнатlэр иригъэфlэкIуэн, Іуэхум бгъэдыхьэкlащlэхэр хилъхьащ, абы и Іэмалхэм я фIыгъэкlэ зэфlагъэкI лэжьыгъэхэм хэхъуащ.

Хэлъэт зиIэ, зи пщэрылъыр нэгъэсауэ зэфlэзых, сыт хуэдэ Іэхуми къызэрыкlуэ Іуэхугъуэм зэрызэпэджэж, зэрызэтехуэ щыкlэм, ар щlэщыгъуэу гъэпса зэрыхъуам, адрейхэм къащхьэщигъэкlыу абы хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, лакъуэ жыгхэм я зэхуэхуэнкlэр, ахэр гурыIуэгъуэу зэрызэхэлъхьам, гуэдзэн хуащIа суратхэр, картхэр, документхэр, архив тхылъымпIэхэр екIуу зэрызэгъэпэщам, нэгъуэщlхэми.

I. Ялъэ щlэныгъэ хуагъэфэщащ Абыкъухьэблэ дэт 1-нэ курыт еджапIэм и 7-нэ классым хэс **Бжьахъуэ Алинэ**. Егъэджакlуэр Бей Жансурэтщ. Саугъэтыр сом минитху.

II. Етlуанэ увыпIэр цlыхуитIым зэдагуэшащ:

1) Налшык къалэм дэт 26-нэ курыт еджапIэм и 7-нэ классым щlэс Джэдгъэф Дисэ. Егъэджакlуэр Къанло Эльбинэщ. И тыгъэр сом миниплI мэхъу.

2) Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Къэсейхьэблэ дэт, Арэшыкъуэ Рафаел и цlэр зезыхьэ курыт еджапIэм и 7-нэ классым щlэс **КIэмрыгу Имран**. Егъэджакlуэр Шэрджэс Расьятщ. Саугъэтыр сом миниплI мэхъу.

III. Ещанэ увыпIэр цlыхуищым къалъысащ:

1) Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Къыпышкъуажэ дэт, Урысейм и Пыхьужь Къардэн Уэхьид и цlэр зезыхьэ курыт егъапIэм и 10-нэ классым щlэс **КIэдакlуэй Дамир**. Егъэджакlуэр Абдокъуэ Фатlимэтщ. Саугъэтыр сом минищ.

2) Къэсейхьэблэ дэт 1-нэ курыт еджапIэм и 11-нэ классым щlэс **Даур Аидэ**. Егъэджакlуэр Абрэдж Фатlимэщ. И саугъэтыр сом минищщ.

Си гъуэгугъэлъагъуэ

● Фэеплъ

Иджыблагъэ илъэс ирикъуащ республикэм и хьыбарегъащlэ Іэнатlэхэм зи цlэр фIыкlэ щыIуауэ щыта журналист Іэзэ, унафэщl Іэкlуэлъакlуэ, УФ-м, КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиIэ я лжьакIуэ Къардэн Мухьэмэд Мучэзир и къуэр дунейм зэрехьжрэ. Пэжыр жыс Іэнщи, сэ Мухьэмэд фIыуэ сцIыхуу, сыдэлэжьауэ е сыдеджауэ щытакъым, атlэми арат журналистикэм щызиIэ зэфlэкlхэм селпльжыну Іэмал къыззэзытар, абыкlэ гъуэгугъэлъагъуэ икIи чэнджэщзэгъу схуэхъуар.

КъАРДЭНЫМ ягъ дыдэу сыщрихьэлIар Аушыджэр жьлэращ, Совет Союзым и Лlыхъужь Къардэн Къубатий къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъур щагъэлъапIэм щыгъуэ. Къардэн лъэпкъым я зэгухьэныгъэм и лlыкlэхэм ящlащ. Мухьэмэд жьыджэру хэтащ Іуэхум. Сэ сыдихьэхат абы и утыку итыкlэм, зыIыгъыкlэм, хужаIэ псалъэ дахэхэри зэхэсхат. Тхэным гу хуэзыщlауэ абы щlэхъуэпс сэ сытегушхуэри сыбгъэдыхьауэ щытащ а нэхъыжьыфIым. Абы жеслат журналистикэм сызэрыдихьэхыр икIи зи пашэ газетым зыпысщlэну си нэ къызэрикlыр. Гупсэхуу къызэдэIуа нэужь, жиIащ си тхыгъэхэр газетым езгъэхь зэрыхъунур, хьухэхунмэ, ахэр къызэрытрадзэнур. Журналист цlэрыIуэм къызжиIа псалъэхэм дамэ къыстрагъэкlат абы щыгъуэ. Зэман дэкlри, си тхыгъэхэр къытехуэу щlадзащ «Советская молодежь» газетым.

Мухьэмэд и фIыгъат журналист ныбжьыщlэхэр зыхэт «Акулы пера» школым и зэIущlэхэм срихьэлIауэ зэрыщытар. А дерсхэр сэбэп къысохуэхъат тхэным нэхъ хуэIэижь сыхъуныжмкlэ. Журналист диплом симыIэми, сэ солIалIэ тхыгъэхэр екIуу зэрызгъэхьэзырыным, псори къызэмыхъулIэми, сыхущlокъу си Іэзагъым зэрыхэзгъэхъуэным. Нобэкlэ схуплъэкIами си фIыгъэу къэслъытэр а лэжьыгъэм сытезыгъэгушхуа, тхэным сэ схуэдэу дихьэх куэдым сэбэп яхуэхъуа Къардэн Мухьэмэдщ.

Дунеягъэкlэ псапэу щlилажьар бэгъуауэ Тхьэм къуритыж а цlыху щlипкъэм, и ахърэтыр нэху ухъу! Ар зыцlыхуу щыта куэдым фIыкlэ я гум къызэринам шэч хэлъкъым.

ДЖЭДУГУЭШ Оксанэ.

● КъБР-р илъэси 100 ирокъу

КъБАССР-м и цlыхубэ артист Къардэнгъущl Зырамыку.

РСФСР-м и цlыхубэ артисткэ Къашыргъэ КIуращэ.

Нэхъыфlхэр ягъэлъапIэ

2020 гъэм и гъатхэпэм къыщыщlэдзауэ нобэр къыздэсым утыку кърахьа театр лэжьыгъэхэм я нэхъыфlхэр къыщыухах республикэ зэхъэзэхуэм кърикIуахэр наIуэ къэхъуащ. Унэтlныныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ялъэпIэхэр къыщыуыIыхьахэр Кулиев Къайсын и цlэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым иджыблагъэ щагъэлъапIащ.

ЗЭIУЩlЭМ ялъэ и цlэ къыщалъхуащ Хэку зауэшхуэм ди къэралым къыщыхьа ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуа спектакль нэхъыфlу къальытам. Ар Васильев Борис и «А зори здесь тихие...» повестым къытращlыкIа лэжьыгъэращ (Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр, режиссёрыр Понаровский Антонщ).

«Режиссёр нэхъыфI» щlыхьащlэр зыльысар Балъкъэр къэрал драмэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ Атмурзаев Магомедщ, Ануй Жан и «Антигонэ» спектаклым къыпэкIуэу. «Илъэсым и артист» хъуащ а спектаклым хэта Жангуразов Мэжит.

Цlыхубз роль нэхъыфIыр зыгъэзэщlауэ къальытар Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ Къуэшокъуэ Регинэщ (Битиров Эдуард и «Черкесская Жизель» спектаклым, режиссёрыр Къалэ Муратщ), Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэхэу Къуэщlысокъуэ Раксанэ, Щоджэн СэIихьэт (Верди Джузеппе и «Травиата» оперэм, режиссёрыр Дзбагуэ Романщ) сымэщ.

«Оценографие нэхъыфI» унэтlныныгъэм текIуэныгъэр щlыздгъэщlащ. Говязин Алексейрэ (Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и «А зори здесь тихие...» спектаклым) Доронин Алексейрэ (Андерсен Христиан и «Снежная королева» спектаклым, зыгъэувар Горький Максим и цlэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрыращ). Петруренковэ Карина и хореографие лэжьыгъэращ адрей къэфэхэм къыхагъэщхьэхукIар.

Цlыхухъу роль мынэхъыщхьэхэм я нэхъыфlхэр ягъэзэщlауэ къальытащ Абей Рустам (Музыкэ театр), Іэпщэ Алим (Музыкэ театр), Шыпш Кэантемир (Къэбэрдей театр) сымэ. Цlыхубз ролхэр нэхъ къызэхъулIар Жьакlэмэхьэ КIунэ (Къэбэрдей театр), Багъ Иннэ (Къэбэрдей театр), Къущхьэ ФатIимэ (Урыс театр) сымэщ.

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэу Хьэмырзэ Ахьмэд, МафIэдз Заирэ, Багъ Иннэ, Къуэшокъуэ Регинэ, Къурмэн Регинэ, Къул Марьянэ сымэ «Актёр ансамбль нэхъыфI» унэтlныныгъэм къыщыхагъэщхьэхукIахэщ.

Зэгъусэу джэгуахэм яущlыщ нэхъыфIу зи ролхэр къызэхъулIар Мэкъуауэ ФатIимэрэ Тэмазэ Лиуанрэщ (Къэбэрдей театр). Балъкъэр театрым и артисткэ Жангуразовэ Саидэ, Урыс театрым щыщlэу Поповэ Екатеринэрэ Сибэч Алимрэ зэфlэкI зиIэ ныбжьыщlэхэу къальытащ.

ИСТЭПАН Залинэ.



Адыгэхэр: дуней псом щынэхъыжь дыдэ лъэпкъхэм ящыщ зыщ

● Щэнгъуазэ

***Зэгуэтха тхьалъышхуэм Тыркум щыпсэу убыххэм я зы нэхъыжьыфI къиIуэтэжа гъэсэпэтхыдэ дигу къиГъэкIыжащ. Зэгуэрым ныбжь дахэ зыгъащIуэ, куэд зи нэгу щIэкIа убых тхьэмадэ жьакIэхум и къуэ закъуэр ириджэри: «Къуажэ хэгъуащхьэм нэс удэкIрэ шыгъэ-лIыгъэ щыбГъэлъагъуэ, абдеж къащIыхьм фIэкIаи дунейм къыщекIуэкIым ущымыгъуазэу щыIэныгъэр къыбГурыIуэнукъым, зэхэщIыкIи уиIэнукъым, езы гъащIэми щIагъуэ ухэзгъэнуекъым. КIуэ, дунейр къэплъыхь, зэгъащIыху, акъыл зэгъэгъуэти къекIуэлIэж. ФIыкIэ сыт узэджэнур, Iейуэ сыт плъыгэнур, щIыху гъащIэми нэхъыщхьэу сыт щыбГэувынур - мыхэр зищIысыр зэхэгъэкIи, акъылыр уи щхьэм, хьилымыр уи гум илъу къэгъэзэж», - жриIащ.*

***ЩIалэми адэм и псалъэр тIэуэжыIэ ищIакъым, кIэщIу гъэзгум зыхуигъэхьэзырри ежьащ. МащIэрэ къэтами, куэдрэ къэтами, зыдэкIа жылэм псэууэ абы зыри щымыгугъыжу къигъэзэжащ. Дунейр зауает, зи щхьэр къэхьэкIыр куэд хъурт, фаекъырэIус къыхэзыхыу хэтри мащIэтэкъым. Зи щыгъыныр зэхэчтхьа, зи жьакIэ-пащIэр зэщIэкIэжу бэлацэ хъуа щIалэр зыми хъымпIар ищIыну къыщIэкIынтэкъым, бгы джабэм къехьу псым къызэпрыкIа нэужь, лъейр зыпIухьу и лъапэр къуажэм къызэрыдишим гу лъамытатэмэ...*

ИГъАЩIЭМИ убыхым зэрахьэ гъуэгутекIыж унэихьэж хабзэжьыр щIалэм щыддалъагъэм, ар зэрымыхамэр къагурыIуащ, и гъуэгур и занIэгу убых тхьэмадэм и унэм нэкIуэпакIуэу щыхуиунэтIми, нэхъ набдзэгубдзаплъэхэм зи хэтри къащIащ. ЩIалэм и плIэм едзэкIа нэдым илъ мывэхэм я зэунтIэIу макъыр щIыхр нэхъ гъунэгу хуэхъуху нэхъ IупщIу зэхахыр, ар зи уэндэгъагъри джэдыкIэ кIутэным хуэдэу хуэсакъыу зэрихьыр псоми гъэщIэгъуэн ящыхьурт. ЩIалэр и адэ и унэ щынэблагъэм, ар тхьэмадэм зэрикъуэм къуажэдэсхэм зыми шэч кьытрахьэжакъым.

Унэ гупэм кьит кхъужьей жыгIишхуэм щIэт тетIысхьэпIэм екIуэкIыу лIыжь уэршэрхэр тест, щIалэр щахыхьам. Абы нэдыр и плIэм кьырхри, тхьэмадэхэм я пащхьэ ирилъхьащ. И Iэ ижьыр иIэтщ, и бгъэгум трилъхьри, и щхьэр абыхэм яхуигъащхьащ, псалъэ кьратыным пэплъэуи лъэбакъуитI хуэдизкIэ икIуэтяжащ. Жылэр зэрыщыту зэхуэсащ жыпIэну къэхъуГэр яфIэхьэлэмэтлажьэу зэхэтT. Нэхъыжьхэм ящыщ зы къэтэджри, къуажэдэсхэм я щIэкIэ къэкIуэжа щIалэм фIэхъус ирихащ, пщэрылъ щащIам теухуауэ кьрихьэлIар жиIэнуи хуит ищIащ.

ЩIалэр нэдым бГъэдыхьащ, и щхьэр фIиубыдыкIри, фIыуэ иудынышIащ, нэдым и зэрыIуэт щхьыщхьымрэ мывэ зэудэкIыщ я макъыр пэIудзауэ щытхэми ялъэIэсу. «Мыр зыми емыщхь си бзэращ - федаIуэт, зэхэфхрэ Ацэпс и Iущащэ макъыр,Ажэкъуэ кьрикуу жьы щдэфэ и дэхащIэр, ЩIачэ кьуэладжэ кьибыбыкI ди кьуалэбзухэм я Iурэсырэр, ди убых анэхэм я гущэкIу уэрэдыр... Ди бзэкIэ кьыдэмыпсалъэр дэтхэнэра? Ар ди дунейиц, ар ди псэц, ар дигущ», - жиIащ щIалэм.

Арэзы зэрыхъуар я нэгу кьищу я щхьэр ящIри, лIыжьхэм ящыщ зы къэтэджащ щIалэм еупщIыну:

- АтIэ, сыт фIыкIэ уэзджэнур? - жиIэри.

ЩIалэм нэдыр итIатэри, илъыр хуэсакъыпэурэ кьригъэщэщащ. Я инагъкIэ зэхуэмыдэу, ауэ дэбгъуэ фIэкIа умыщIэну хуэзэпэхъурей защIэу абы кьилъэлъащ мывэ зыкъом. ФIыуэ нэхъ ину иKи зыхэпщIэу нэхъ хьэлъэу абыхэм яхэлъ мывэ хъуреишхуэр кьищтэри, щIалэм жэуап кьитащ:

- Сыт фIыр жыпIэмэ, щIэныгъэм нэхъыфI щIэжъым. Дунейм теткъым пщIэм хуэдэу узыIэтяи узыгъэгъуэзэни. ЦIыхур сыт ищIысми ирикъунущ, зримыкъунур щIэныгъэщ, щыIэныгъэм и дагъэр аращ, - ар жиIэри, мывэм и зы пЪэныкъэр яригъэлъэгъуащ щытхэм - ар джафбэзт.

- Сыт-тIэ Iейуэ кьэплъытэнур? - еупщIащ щIалэм етIуанэу лIыжьыр.

- ЩIэныгъэм нэхъыкIи щIыэкъым. ЩIапхъэр цIыкIу щIэхъукIыжу, умыщIапхъэм утекIуэдэжынущ. ЩIэныгъэ захуэр зэрыуэзэрыбГ хъуркъым, ар сыт щыгъуи зэшхуэзэесц. Щримыкъум къоныкъуэкъу, щирикъум кьощхьэпэ. - ЩIалэм мывэр аргуэру кьиIэтри, адрей пЪэныкъэмкIэ цIыхухэм яригъэлъэгъуащ - ар хьэцкъэ защIэт.

- Ари екIуу жыпIа хъуащ. АтIэ сыт гъащIэм щынэхъыщхьэр?

- ЦIыхум нэхъыщхьэ щыIэкъым. Ар зэрыплъапIэр кьыщыпщIэри кьуажэ хэгъуащхьэм тельъ пхъэ дакъэжьым утесущ, - щIалэр еIэбыхри, мывэ зыбжанэ кьыщтащ. - Хэку, хабзэ, напэ,- гулъытэ, гущIэгъу щIыжьитIэр цIыхум хуэтщI уасэращ, цIыхугъэ кIэльызетхьэращ. Iэджэ хэкуи сыщыIащ, жьыпэ куэдми сыдыхьащ, ауэ си цIыхущхьэр щыслъагъужар нэхъапэ дыдэу си жьлэрщ, сыщалъхуа си Хэкурщ. Абдеж щызгъуэта щIэныгъэращ сэ сызихэтыр сщымыгъупщэу дэнэкIи сыкъыщэзыхьэкIар. ЗэрыжаIэщи, хабзэжь хэкужь кьранэркъым. Мис аращ сэ къэсщIари кьызгурыIуари. - ЩIалэм ар жиIэри мывэ Iабжьыбыр лъагэу иIэтащ, зыр чэмкIэ зым кьыпхуищIэн зэрыщымыIэр игъэлъагъуэу, щызэрыыгъыим деж уасэ зэриIэр цIыхум я нэгу щIигъэкIыу.

(Хъыбарыр къэзыIуэтэжым и гур кьызэрIэнащ, убыхым хэкужьи ди Iэжкъым, хабзэжьи зетхьэжьыркъым, жиIэри...)

Мы гъэсэпэтхыдэр дигу къэзыгъэкIыжар иджыблагъэ дунейм кьытехьа, «Адыгэхэр: дуней псом щынэхъыжь дыдэ пЪэныкъэм ящыщ зы» тхьылъэ кьыщыззIутхьм, япэу зи нэгу диплъэ убых бзыльхугъэ, дуней псом щынэхъ дахэ дыдэу кьалъытэ Бжьыгъэ Кариман Хъалис и сурэтырщ. Ди насыпэ кIихьри, 2002 гъэм Кариман нэIуасэ дыхуэхъугъат. Ар кьыщытщIыхуам фIыуэ и ныбжь хэкIуэтами, щIэж къарзынэ иIэт, и дахагъэр и нэгум имыкIуэдыкIыжауэ иджыри гуакIуэт. «Си дахагъыр си напщIэм щытемылъа къэхъуакъым, - жиIат абы щыгъуэм Кариман. - Ауэ сыт щыгъуи лъагъуэ бгъуэзэ сызэрытетыр зыдэсщIэжу сыпсэуащ. ЛъэпкъкIэ сытыркутэкъым, тыркун хуейуэ зыпаубыдэкэм сакъыэхкIати, е псалъэкIэ, е Iэхуклэ а лъагъуэм сыдэхамэ, мы дызыхэсхэм си дахагъэм къаухиха цIэрыIуагъэм щай фIыщIи щIамытыжу пщIэнэ хъунут. Ар сигу кьыщридзэ кьэдрэ кьохъури, псэкIэ Убых сыщынэсыр мащIэкъым - зыпцI хэлъкъым дуней псом «Кариман» щIыжаIам а нэсу схуэмыгъэпэжа си хэжужьым, си Убых, и фIыщIэ зэрыхэлъым. Убыхым жьэгужь иIэжтэкъыми, и мафIэри зэхэдгъэкIыжащ...».

ГуащIэвымрэ гуащIэмрэ

Зы сурэтым апхэдизэ гупсысэм ущыхилъасэкIэ, адрейхэми хъыбару якъуэлъыр нэхъыбэжщ, жыпIэурэ зэпкрыбоплъыхь нэхъапэкIэ адыгэхэм ямыIауэ, зы лъэбакъуэ чыгГуэкIэ куэд кьызэщIэзыубыдэфа «Адыгэхэр: дуней псом щынэхъыжь дыдэ лъэпкъэм ящыщ зы» фIэщыгъэр зыгъуэта щIэнгъуазэр.

Дунейм тхьилъыщIэ кьыщытехьэм джв, лъэпкъ щэнхабзэр ипэкIэ зэрыбакъуэм, щIэныгъэмэ зы далэ зэрыхихгъахъуэм шэч хэлъхьам. Ауэ щыIэщ иджыри зыфI, абы ущегупсыскIэ Iэджэ гугъаПи кьыдэушу - ар тхьилъы и мыхьэнэрщ, къэкIуэну лъэхъэнэхэм хэбэкъуэну, лъэпкъ щIэжыр мимГэкIуэсэну иIэ гуащIэрщ. Мис апхэдэд дыдэущ зэрыптIагъур ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и нэIэ щIэту иджыблагъэ «Принт-Центр» тхьылъ тедзапIэм кьыщыдэкIа адыгэ щIэнгъуазэ хьэлэмэтыр. Ар зэхэзылъхьари тедзэным хуэзыгГэхьэзэзрари Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэдрэ** а газетым и литературэ обозревательэ, тхакIуэ **Чэрим Марианнэрэщ**.

Тхьилъыр фафIэшхуэщ, къэзэрыкIуэкъым, щыпIыгГъым деж кьыуит гукъыдэжым и мызакъуэу, къызэгуэпхрэ итым ущыкIуэцIрыплъкIи узыIэпешэ. Ар зэхэзыгъэувахэр я Iэдакъэщ1экIым ауэ сытми «сурэткIэ гъэщIэрэщIа щIэнгъуазэ хрестоматиекIэ» еджакъым. ЖыпIэну ирикъунущ напэкIуэцI 652-рэ хъу тхьилъым сурэт кьудейуэ 1538-рэ зэритыр, бзэм, щэнхабзэм, фIэщхьуныгъэм, пасэм щегъэжьауэ нобэм нэс адыгэм кьикIуа жылагъуэ иKи политикэ тхьдэ гъуэгуанэм, географием, нагъуэщI Iэджэми ехьэлIа жыIэгъуэрэ щыхьэтыгъэ защIэу мин зыбжанэ кьызэрызэщIиубыдэр. Апхэдизэ информацэр тхьилъеджэм зэригъэзэхуэфын щхьэкIэ, щIэнгъуазэр Iыхьэ 22-рэ хъууэ зэпыудащ, дэтхэнэми игъуэта фIэщыгъэмкIэ узыхуейр псынщIэу кьыиугъэгъуэту. Псалъэм папщIэ: щIэнгъуазэм щхьэхуэ-щхьэхуэу щызэпэщIэхащ «Шэрджэсейр - адыгэхэм я хэкущ», «Адыгэ мамлюкхэр», «Къэнжал зауэр», «Урыс-Кавказ зауэр», «Адыгэхэр Хэкум зэрыгагъэкIамрэ хамэ лъэпкъхэр я щыгум кьызэрыгагъэтIысхьамрэ», «Теплъэмрэ фащэмрэ», «Бзэмрэ тхьбзэмрэ», «ФIэщхьуныгъэмрэ динымрэ», «Адыгэ шхыныгъэхэр», «Адыгэшыр», нэгъуэщI куэдми екъэлIа Iуэхугъуэхэр.

Зи гугъу тщIы щIэнгъуазэм лэжьыгъэшхуэ ещIэкIа хъуащ. Тыншхьэм иKи псынщIэкъым адыгэхэм ятеухуауэ щыIэ къэхутэныгъэ бжыгъэншэхэм Iэрыхуэу, купщIафIэу, псалъэм хэбухуэнэф хъууэ жыIэгъуэхэмрэ щыхьэтыгъэхэмрэ кьыхэпщыпыкIыныр. Ауэ щыхъыкIэ, иджырей дунейм цIыхур занщIэу зэпэчыр гупсысэр щыIэщIэкъуа псалъэ кIэщIхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэщ. Ар иджырей лъэхъэнэм и нэщэнэ хъуауи жыпIэ хъунущ. Тхьилъыр зыгъэхьэзырахэр а псор щыIэхуахьэсми хущIэкъуащ щIэныгъэ лэжьыгъэхэм, зекIуэ тхыгъэхэм, гукъэкIыжкэм кьыхах пычыгъуэхэр зэрыхьэкIэ нэхъ кIэщIу кьхъахьыну, лъэпкъым и щэнхр, и хабзэр, и блэкIар, бгъэдэлъ хьугъуэфIыгъуэхэр нахуэу кьыIэраIуэтэнуми, Iупщу нэгум кьыIэрыщIагъэувэнуми елIэIащ. Iуэху пылъщ апхэдизэ псэлъафэр щIэнгъуазэр зэрыгуэша Iыхьэхэм хэбгъэзэгъэжьыни. «ГуащIэвымрэ кьепсри, гуащIэм хэпсащ», жаIэ адыгэхэм. Iуэху тынш щыIэкъым, ар зытещIыхьа гупсысэр бэм яхуэгъэзамэ. Кьытегъэзэж кьыхэмыкIыу, щхьэж зэрыхуэфащэкIэ жьыIэгъуэхэр тхьылъым и кIыхьагъкIэ щызэкIэлъыгъэкIуа хъуащ, нэм кьызэрищтэжым, гум зэрирубыдыным хуэдэуи зэпэщIэхауэ гъэпсащ. Тхьылъыр зэхэзылъхьахэр гуащIафIэти, я Iэдакъэщ1экIыр нобэрей лъэхъэнэм сыт и лъэныкъэкIэ пэджэжу, уеблэмэ илъ ищу пIэрэ жьыпIэну щIэнгъуазэ нэсым и жьыгъэм иту ягъэпсащ. А лъэныкъэмкIэ укъеплъмэ, Хьэфыщ1э Мухьэмэдрэ Чэрим Марианнэрэ адыгэхэм хуалэжьа Iэхуутхьэбзэм и инагъыр къэлъытэгъэщIи.

Апхэдэду кьыхэгъэщын хуейщ, сурэт щIэнгъуазэр «Черкесика» тхьылъ зэужьым хэту кьызэрыдзкIар. ЩIэупщIэ зиIэ, адыгэ литературэ щэнхабзэм и фIыпIэм халъытэ къэхутэныгъэхэрщ, зэдзэкIыгъэхэрщ, тхьигъэхэрщ абы хэту дунейм кьытехьэр. ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием дэж щылажьэ «Адыгэ щIэнгъуазэ» институтым илъэсипщIым кьриубыдэу тхьылъибгъу кьыдигъэкIащ, мыр епщIанэщ. Сурэт щIэнгъуазэм, шэч хэмылъу, зэужьыр игъэбеящ.

ЩIэнгъуазэм и мыхьэнэм и гугъу щищIкIэ, абы пэублэ псалъэ хуэзышIа, УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и сенатор, ЩIДАА-м и президент Къанокъуэ Арсен жиIэм уемыувалIэнкIэ Iэмал иIэкъым: «Ди лъэпкъым и тхьидэр зэфIэгъэувэжьын зэрыхуейм кьыщымынэу, пэжу зыгурыгъэIуэни хуейщ. Ар тхуэзэфIэкIынукъым, щыхьурейм и щIыIум адыгэм лъэужьу кьытрина псори кьызэщIэдмыкъуэжауэ, ди щIэныгъэлIхэмрэ хамэ къэралхэм щыщ тхьидджхэмрэ бжьыпэр зыIыгъ бзэ лъэрызехьэхэмкIэ кьрахьэлIа тхыгъэхэр зы дымыщIыжауэ».

Иужьрей илъэс минищрэ щитхум адыгэм тратхьихьари тражьIэхьари мащIэкъым. ЩIыпIэ куэдым щызэбгрыдзарэ зыIъэIэсигъуей сурэтхэмрэ жьIэгъуэжьэ кьыIэхьахьжа тхьигъэ гъуэтыгъуейхэмрэ тегъэщIапIэ ящIу зэхагъэува щIэнгъуазэр дяпэкIэ ирагъэкIуэкIыфыну кьэхутэныгъэхэм я псыпэхэшу жьпIэ хъунущ. Дэтхэнэ зы теплъэгъуэми жьIэгъуэми я щIыб щIэныгъэшхуэ дэпIащ, сэтей щыхъунум пэплъэу. Аэрэ зэуIу щыхъукIэщ дэри мы щIы хъурейм щыдубыд увыпIэр зыхуэдэр кьыщыдгурыIуэнур, ди лъэпкъыщхьэми хуэфащэ уасэр щыхуэтщIынур. ЩIэнгъуазэм пщэрылъ зыщIыкIыжыр лъэпкъыу зыкъэтщтэжрэ дызэпIлъжмэ, ди нэгу щIэкIамрэ ди адэжьхэм я щIэнимрэ дригушхуэу дрипсэлъэфын кьудейм и закъуэкъым, атIэ нэхъ куужу дыкIуэцIригъэплъынри, ди Iэхум нэхъ бгъуэуэ дыхигъэплъэнри хьэкъ кьытщщIэ. «Адыгэм кьызэринэкIа тхьидэ гъуэгуанэм апхэдизэ и кIыхьагъ, и куагъэр пэт, джа зэрыхъуа и лъэныкъэкIи зэрызэмугъуэ щыкIэкIи арэзы зэхьщIыным фIыуэ пэжыжьэщ нобэр кьыздэсым», - етх Къанокъуэм. Мыр джэпсалъэу къэплъытэну ирокъу.

Дунейр зи кIыхьагъ тхьидэ

Лъэпкъым и щыIэныгъэм сыт хуэдиз зэхъуэжьIэныгъэ хэмыхъуахьам, лъэхъэнэ кIыхьхэм цIыхугъэр зэрилъытэ мардэхэм зэрызригъэхъуэж щIагъуэ щымыIэу кьыкIуэцIрыкIащ. ЩIэнгъуазэм хьыха пычыгъэхэм ущедджэкIэ, хамэщ1 кьикIыу ди щIыналъэ зыплъыхьакIуэ кьакIуэхэм дапщэщи гу лъатэ иKи кьыхьагъэщ зэпыт адыгэм и теплъэм уэзэритхьэкъур, хьэщIэм гулъытэу хуищIыр зэрыгъунэншэр, я хъыджэбзхэр зэрыгуакIуэр, я щIалэхэр шыгГэ-лIыгГэкIэ зэрыкъэмылэнджэжкIыр. ФIым сыт щыгъуи уехьэху, ауэ хамэ лъэпкъхэм щыщ цIыхухэр кьыщыптетхьыхькIэ, кьыпхужаIэр ярIэмащIэу дахэр кьыщыпхуагъэфащэкIэ, умыгушхуэнкIэ, уи щыIэныгъэр укъызэрагъэлъытэм хуэбГэкIуэжьыну ухущIэмыкъункIэ Iэмал иIэкъым.

Сыт и уасэ, псалъэм папщIэ, адыгэхэм я кьащыжьну Польшэм кьикIа лыжьыдзэм и унафэщI, полковник Лапинский Теофил 1857 гъэм итхам укъеджэну: «Адыгэр лъэпкъ хахуэщ, кьызэрымыкIуэуи гушхуэ кIуэцIыпIыщ. ПщIэншэу лъы игъэжэн фIэфIкIым, бзаджагъэ жьхуаIэри ищIэркъым, мыхъумыщIагъи кьыпкIэлъызэрихьэнукъым. ЗекIуэм кьикIкъым, зэпымычу гъэзгу тетщ, арщхьэкIи и аджжь щIыналъэм пэIэщIэнэр и жагъуэщ. И гур здэщыIэр и цIыкIущхьэр щигъэкIуа мэзхэмрэ бгыхэмрэщ. Щхьэхуитыныгъэр зыхуигъадэ щыIэкъым. Къэгъэпцl эгъуафIэщи, щабэу уепсалъэмэ, сабийм хуэдэщ, къыдэпхъэхьфынущ, заохуагъэм уемыбакъуэмэ, уепхъэшэкIми, игу тригъэхуэнущ. ЗэуалIэм Iухьэмэ, и лIыгъэ теухуауэ кьыхужаIэнум фIэлIыкI зэпытщ. НэгъэщIым и захуагъэм пщIэ хуещI, ар и бийуэ щытми. Iэхуншэу, щыр игъэжьэгуу дэту кьыпфIэщIми, ар и унагъэм гурэ псэкIэ хуэпэжщ. Адэ-анэм ярит хьэкъыр зэрыпъагэмкIэ, унагъуэм щызэрихьэ хабзэмрэ зэгурыуэмкIэ жьыжьэ нэсарэ зыужьыныгъэшхуэ игъуэтауэ кьызыщIыхьу дэтхэнэ лъэпкъми щапхъэ хуэхъуфынущ». Мы зы жьIэгъуэм фIэкIа хэмытами, иригъэкъунущ щIэблэр ирибгъэсэну, фIым ирихуэбущиину.

Хьэмэрэ Лондон 1854 гъэм кьыщыдэкIа «Глисон и сурэт журналым» адыгэщIым фIыуэ пэжьижь щIыналъэм щыпсэу цIыхухэм уи лъэпкъыр зэрягъэзыщIыхуа ми жьыгъэуэр хьэлэмэткъэ: «Хуитыныгъэр зи щIасэ адыгэ лъэпкъым зауэм ипэкIэ иIа щыIэкIэ-псэукIэр, унагъуэм щызэриихьэ хабзэкъэр, гъунэгъумрэ хьэщIэмрэ, биймрэ ныбжьэгъумрэ зэрахущытар, Кавказ щIыналъэм абы щиIыгъа увыпIэмрэ щиIа пщIэмрэ уенеплъэхэм, щIэныгъэлIхэм, динырылажьэхэм, усакIуэхэм, зэрыпхъэкIуэхэм, тIасхъэщIэхэм ягу кьызэринэжар, дауи, эзщхькъым. Абы нэхъ гъэщIагъуэныж ищIыну дыщогуэ щIэныгъэ тхыгъэшхуэхэр игъэкъаруну хущIэмыхьэ нобэрей тхьилъеджэм папщIэ кIэщIрэ шэрыуэу адыгэ лъэпкъым теухуа псалъэ гукъинэжхэр щызэхуэхьэса «Адыгэхэм ятеухуауэ» тхьилъыщIэм и пычыгъуэу фи пащхьэ итлъхьэр.

КуагъэкIэ лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Абыхэм я тхьидэр апхэдизкIэ жыжьэ золэбэкIыжри, Китаим, Мысырым, Кьэжьрым я гугъу умыщIмэ, адыгэхэм я блэкIам елъытауэ, дэтхэнэ зы хэкуми зи гугъу ящIхэр дыгъуасэрей хъыбарщ.

Адыгэхэр нэгъуэщI телъыджэ гуэркIи псоми кьаходу: ахэр зэрыпхъуакIуэм и унафэ зи щIэтакъым. ИкIуэташ, кьуакIэбгыкIэхэм зыщагъэпщIкIуащ, кьаруушхуэкIэ ирадыхащ, ауэ кьатегуплIахэм я хабзэхэм фIэлIыкIа мыхьэмэ, зызыхуагъэщхъа кьару щыIэкъым. Дызэрыт лъэхъэнэми ахэр, я хабзэ зэрахьэжу, я нэхъыжьхэм я унафэ щIэту мэпсэу. Мы лъэпкъыр гъэщIэгъуэн зыщI Iэхуущ мыри: щIы хъурейм тет дэтхэнэ зэпкърыи и тхыдэ жьыжьэм зэбгъэпльэкIыжмэ, адыгэхэм я закъуэщ щхьэхуиту зэрыщытам щыхьэт техъуэфу кьахэкIынур.

БжьыгъэкIэ куэд мыхъухэми, я щIыналъэм апхэдизкIэ купщIэшхуэ ехъумэри, пасэрей цивилизацэхэм я лъэпкъыр фIы дыдэу щащIыху. Адыгэхэм я гугъу ящI Геродот, Флакк, Помпоний, Страбо, Плутарх сымэ хуэдэ тхакIуэ щэджащэхэм.

Илъэс минитIрэ щищым щIигъуауэ дунейм нэхъ лъэрызехьэу тета тепщэхэм щахъумэфа хуитныныгъэм и лIыхъужь пшынальэщ абыхэм я Iуэрыуатэр, таурыхъхэр, хьибарыжьхэр».

Арыххэу, сурэт щIэнгъуазэм жьIэгъуэу ихуам, шэч хэлъхьам, зэхэщIыкIыр нэхъ лъагэ зэрищIым, адыгэ щIэныгъэм щыщIэм зэрыхигъэхъужьям. ИтIанэми, щхъуэкIэлIлъыкIэ защIэу тхьилъым ит сурэтхэм а псор уи нэгу кьыщIагъэхьэ, уэзэпаIыгъэу тэлайфIкIэ укърахьэкI.

Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

ЩIэнгъуазэм щыпIэфI щаубыд егъэзыгъэкIэ хамэщIым кьыщыхута ди лъэпкъэгъуэм ятеухуа информацэ бейми. Жылагъуэ лэжьакIуэу, цIыху цIэрыIуэу кьыдигъэщIыхуэм я бжьыгъэ мащIэжьым, я Iэдакъэщ1экIыу дызыщигъэгъуазэри куэд мэхъу. ЩIэнгъуазэм зи гуащIэ хэзылъхьа ХьэфIыцIэ Мухьэмэд езым и гъащIэ псор щхьэзыхьэ зыхуищIа Iэхур - хьр зи зэхуаку хъуа лъэпкъыр зэпыщIэжыныр - зэрыабрагъуэр кьыхоуц абыи сурэт гъэтIылъыгъэхэм. ГъащIэр зы лъэныкъэкIэ напIэдахьеигъуэу блэкIми, ар теплъэгъуэ куэду зэрызэтепщIыкIыр, хэкужьым щыгГаГъэу зыщщызыужьыкIи хуея хъугъэфIыгъэбэр хамэщIым зэрыхэшыпсыхьажьр уигу кьеуэу сурэтхэм уахоплъэ, пфIэкIуэдам и пщIэр гущIэу зыхьыуигъащIэу, уиIэр хъумэн зэрыхуейм ригъэгупсысу.

Ди бзылъхугъэ дахэжр, ди спортсмен лъэрызехьэжр, ди жылагъуэ лэжьакIуэ гуащIафIэхэр, ди дзэпщ губзыгъэхэр, зы псалъэкIэ жьпIэмэ - ди адыгэ цIыхур - щыхэхуэдэщ дэнэ щIыпIэ ар къыщымыхутами. Зэрепх цIыхугъэ хуэфащэ псалъэ хуэзIупщэну. Дыщогугъ кьаIэн зыщащIыжу лъэпкъым гугъу зыдезыгъэхьа ди нэхъыжьыфI ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ цIыху гуащIафIэ, тхакIуэ Чэрим Марианнэрэ я Iэдакъэщ1экIым дызыщыгугъ фIымкIэ ди щIэблэр иунэтIыну.

ТАБЫЩ Мурат,
«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.

Адыгэшрэ адыгэлIрэ

ХьэтIэхэр

Фараон гуащIэ Нефрурэ

Мысырым и тет Къанщауэ Гъур

Къаит-бей и мэжджытыр

ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ

Адыгэ зауэлIхэр

Актрисэ Шорэ Туркан

Самбист Хьэсанэ Мурат

Зэманым декIу! Апхуэдэу хужьыс Iэнт Шыбзыхъуэ (Шишман) Залинэ. Инджылызыбзэм хуеджащ, иролажьэ. IэпэIэсэщ - адыгэ пщащэхэм зэрызагъэдахэ лэрыпс ещI. Шыбзыхъуэ Залинэ ди лъэпкъым и шыфэлIыфэр зыхъумэжям ящыщщ. Ди гуапэу абы дедгъэкIуэкIа псальэмакъымкIэ дывдогуашэ.

ШЫБЗЫХЪУЭ Залинэ:

«Дэ иджыпстущ дыщыпсэур!»

- Залинэ, бзэмкIэ зэбгъэгъуэта IэщIагъэм утеэгъэпсэлъыхьынут...

- Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Филологиемкlэ и институтым инджылызыбзэмкIэ и къудамэр зэгъэпэжащ. ИтIанэ, Белгород университетым и къудамэу Налшык дэтым Гуманитар, щIэныгъэ, правовой егъэджэныгъэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу сыкIуащ. А Iэнатlэм ильэсищкIэ сыпэрытауэ, бын дгъуэтри, лэжьыгъэ кьэзгъэнащ. 2016 гъэм щегъэжьауэ КъБКъУ-м Хамэ къэралбзэхэр щадж и центрым щылэжьэн щIэздзащ. Еджапlэр къэзухауэ зи инджылызыбзэм хэзыгъахъуэ, квалификацэ зэзыгъэгъуэтхэм садолажьэ. ИльэситIрэ ныкъуэкIэ хуоджэ абы студентхэр. Нобэм инджылызыбзэм хэзыкъуэщ цIыхур. Экономист, юрист Iэщlагъэ зиIэр куэду къокIуэ ди деж. Мыр Iэщlагъэ щхьэхуэ зэзыгъэгъэтахэм я етIуанэщ, зыхуэхэри езыхэр зыхуеджам тещIыхьауэ я инджылызыбзэм нэсу кэгъэхъуэныращ. Центрым и унафэщI Темрокъуэ Лариса «ЩIэныгъэ коммуникацэхэмкIэ зэдзэкIакIуэ» программэр илъэс епщIанэ хъуауэ егъэлажьэ.

- Уи сабиигъуэм къышебгъажьэмэ, зыгуэркIэ уиунэгъу Iэхэгъуэ гуэр хэт уи гъащIэм?

- Унагъуэ узрэшэр, дадэ-нанэ узрэшэр! Си сабиигъуэм къыздисхащ ар - адэанэм, адэшхуэ-анэшхуэм къытхалъхьащ. Апхуэдэ уэршэрыр, хъыбарыжьхэр жьэрыIуатэбзэ тхыдэщ. Ар иджыпсту зэхэпхьыжькым куэдрэ. Ятхыжауэ тхыдэ хъужар фIыщ, ауэ уэ езыр убгъэдэсу узыщIэдэIур - ар хъуГуэфIыгъуэ дыдэщ. Сабиигъуэм къыздисхауэ къыщIэкIынущ мис а иджыпсту сызэлэжьэкIи. Сэ сыщеджар инджылызыбзэр щытепщэ школти, ар щхьэусыгъуэ хуэхъуащ а бзэр ящIыну, Iэщlагъи схуэхъужыну. ИтIанэ дэрбзэрныр, сызэрыджэгу къэхэпшIыкIэ згъэщIэрыщIэныр сфIэфIти - бзылъхугъэм зэрызигъэдахэ сщIыну сызэрегупсысар абы къыхэкIагъэнщ...

- Бзэм дыкъытегъэувыIи...

- Бзэр сыт?! Ар грамматикэ къудейкъым, дауи. Куууэ зыигуэр хэлъщ. Адыгэбзэр макъыбзащ, макъ къэси езым и мыхьэнэ иIэжщ - ар ди бзэм и щхьэхуэнгъэхэм ящыщу къыхэлъытэ. Бзэм кьыхуод хабзэ-щэнхабзи, акъыли, псэи. Бзэуэ щыIэр дахэщ. Сэ студентхэр щэгъаджэм и деж инджылызыбзэр адыгэбзэм езгъэпщэн сфIэфIщ - гъащIэгъуэну куэд хэлъщ абы.

- Иджыпсту цIыхухэм ухъащIыху адыгэ пщащэхэм зэрызагъэдахэ лэрыпс, тхьэгъу, бгырыпх екIуэкI зыщI бзылъхугъэ Iэпэ Iэсэу... Сыт хуэдэ гупсысэ а Iуэхум ухуэзышар?

- Сэ Iэкlэ зыгуэр сщIыну сфIэфIт сыт щыгъуи, узэпщащэ - узэлIалIэ гуэр. Декрет укIуэу лэжьыгъэм укъыпхуэа нэужь, зэман лей уиIэхьим, дауи. Ауэ уи гур хуэныкъуэ мэхъу дахэ гуэр къэбгъэщIыну. Пльэпкъ теплъэр кьыхэщу тхьэгъу, лэрыпс, бгырыпх хуэдэхэр сщIыным зезгъэсащ. Ар «мыр сщIынущ» жысIэу кьыхэщIэспхъэтауэ аракъым. Куэд щIауэ си гупсысэм щытIыгъуэрт. СщIынухэм я теплъэр си нэгум щIэтт, зэрысщIыну Iэмалыр гукIэ зэхуэзгъэкIуат. Ауэ зезгъэсэным мазэ бжьигъэ текIуэдащ. Кьыхэспщlыкlыр тэмэму кьыхэпхыным куэд елыытащ.

ИДЖЫПСТУ-«Мэкъумэшбанкым» и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм щыхопльэ сам мелуан 80-м щIигъу зэрыт пльэу тхыгъи 5-м. Зи чэзу губгъуэ лэжьыгъэхэм хуэхэуауэ псори зэхэту мы гъэм банким итыну и мурадщ сом мелуан 400-м нэблагъэ.

Илъэсым зэрыщIидзэрэ банким и къудамэм инвенстицэ проектхэм хуиутIыпщащ сом мелуан 200-м щIигъу. Кредит къащтэным екъэлIа лъэIу тхыгъэхэр кьат мэкъумэш Iэхъущlапlэхэм, фермэ зэгухьэныгъэхэм, щхьэзакъуэ хъэрычэтщIэхэм. Кредит мылъкуэр трагъэкIуадэ техникэхэм я пкъыгъуэхэр, гъэсэныпхъэхэр, щIыгъэпщэрхэр, жылапхъэхэр къэщэхуным.

Фигу къэдгъэкIыжынщ, «Мэкъумэшбанк» акционер обществэр - Урысейм и агропромышленнэ комплексым Iэхъутхьэбзэ хуэщIэнымкIэ и лъэпкъ финанс-кредит системэм и лъабжьэщ. Ар 2000 гъэм къызэрагъэпэщащ икIи Iэщlэлъ мылъкумрэ зэфIигъэкI IэхъутхьэбзэхэмкIэ къэралми дунейми щIэнэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зыщ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Щэм хуэIэзэ Емыжьэ МулиIэт

Мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу адыгэ тхакIуэ, тележурналист, Адыгейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Емыжьэ МулиIэт.

ЛъэпкъымкIэ къыхэкIа цIыху зэфIэкIыбзэкэ ящыщщ МулиIэт. Ар усакIуэщ, драматургщ, зэдзэкIакIуэщ, сценарист Iэзэщ, тележурналистщ, режиссёрщ. Езым нэхъ пэгъунэгъу Iэщlагъэмкlэ уеупщlмэ, жэуап пыуэхыкIа къуитыфыркъым. Арагъэнщ абы екъулIэу а Iэнатlэхэр щIыхьэздахьыр.

Мулиат и Iэдакъэ къыщIэкIа «Мысырым и адыгэ сулътIанхэр» телефильм тельыджэм и творческэ гъуэгуанэм кьалэнышхуэ щIигъэзэщlащ. Курыт лIэщlыгъуэкэм адыгэ дунеймрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ кьыщыхъуа Iуэхугуэхэрщ абы лъабжьэ хуищIар.

Фильмыр нэхъ кууу зэхащIэн папщIэ, тхыдэм къыщыхьа теплъэгъуэ гуэрэр актёрхэр хэту щагъэуващ, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм, зэманым и «бэуэкIэр» зыхьуегъашIэ, тхыдэм теухуа Iуэхугъуэхэр гъущэ мыхъуу, уахэтым хуэдэу ухоплъэ. Мыбдеж МулиIэт художественнэ фильм гъэувыныкIэ иIэ режиссёр Iэзэгъэр наIуэ щецIэ.

СулътIаныр и блыгущIэтхэм занщIэу кьыпхухэщIыкуэкIыркъым. Ар зыкIи къащхьэщыкIыркъым и хъуреягъым: зыщIыкIэкIи, зыхуэпэкIэкIи. Авторыр шэрджэс щIынальэм щытепсэльыхькIэ джабэ щхъуантIэхэм есу хэт шууей жэрыр, епэр зэмыфсгъуэр зыхэпхъэ удзыпщIэ Пъагъэм къыщIэзыжьыхь щIалэ цIыкIур кьеГъэльапIэуэ. Хэхэсхэм я хэку жьыжьэм теууха я гукъэкIыж дахэкэр, абы хуаIэ пыщIанэгъэ бащ, гупсысэ кIэнщIэкэр, зымыуТIыпщ къуэпс быдэхэр дэтхэнэми къару кьиГъэхъуапIэ зэрыхэхъурщ Емыжьым Горький Максим и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым щIэтIысхьащ. Ар къуиха иужькIэ Адыгэ драмэ театрым литературэ Iыхьэмкlэ и унафэщIу, «Зэкъошныгъэ» журналым усыгъэмкIэ къудамэм и редактору лэжьащ.

Гъэ зэмылIэужьыгъуэхэм абы къыдигъэкIащ «Возвратившиеся песни», «Таинственный знак», «Высокий свет», «Чёрный цветок», «Горное озеро», «Молитва», «Черно-белый сундром», «Место собаки» тхыльэ гъэщIэгъуэнхэр.

Абы адыгэбзэм кьригъэзэгъащ тхакIуэ цIэрыIуэхэм я Iэдакъэщlэкlхэр.

Адыгейм я телевиденэр щыIэзфIэувэм 1991-1993 гъэхэм МулиIэт абы редактору щыIащ. Ар лъэбакъуэщIэ зыхуэхъуа адыгэ бзылъхугъэм мурад ищIри, Герасимов Сергей и цIэр зэрихьэу Кинемотографиемкlэ урысейпсо къэрал институтым 1994-1998 гъэхэм щеджащ.

Драматургиер, усыгъэр, тележурналистикэр абы и Iащlэ гъуэгуанэм Iуданэ пльыжькIэ щIыхьышащ. Телевиденэм абы и яп1э лэжьыгъэщхуэу щIищIахэм ящыщщ «Игъащlэкlэ Урысейм и Гъусэу» фIэщыгъэм щIэту тричар. Абы къыкIэлыкIащ «Мысырым и адыгэ сулътIанхэр». А фильмхэр трихын ип1э Емыжьым къэхутэныгъэ лэжьыгъэ инхэр иригъэкIыжащ, тхыдэдж цIэрыIуэхэм ядэлэжьащ.

МулиIэт и интервьюхэм я зым щыжеIэ щэхуэр щIагъэбзэрэ зи куэд ди тхыдэр и лъабжьэу иджыри кинофильм куэд тепх хъуну къыхэзыгъэтэр.

Адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ бзылъхуэу щэджащэм щыщалъхуа маХуэм зыхуэдиIаэзэри, идджыри илъэс куэдкIэ и гущIэ мыкIуащIу лъэпкъым хуэлэжьэну дохъуэхъу!

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Абы щыщу нэхъ екIур кьыхэпхын папщIэ зыкъомым уэзхуеплъэн хуей мэхъу икIи умыпIащIэжь, нэхъыфIщ.

- Iэпщlэлъапщlэу уэзлажьэкмкIэ адыгэм и щыфэлIыфэр пхъумэу кьыщIохъу...

- Лъэпкъым и теплъэр си гупсысэм хэту, дауи, абы екIуу, хэфащэу щытыным соIалIэ си Iэрыкlэхмкlэ. Адыгэхэм я Iэщlагъэжь схъумэуи щытыкъым - пасэрей лъэхъэнэ лъандэрэ зэлэжьку щыта гуэркIым мы сэ сызыдихьхэр. Адыгэ фащэ зыдхэм, дыщэрэ дыжьынымрэ елэжьхэм яхьумэ лъэпкъ Iэщlагъэр. Сыту жыпIэмэ, ахэр адыгэр сыт щыгъуи зэлэжьу щытащ.

Сэ адыгэм и шыфэлIыфэр кьыззэзгъэпэщ дамыгъэ щхьэхуэхэр нобэрей ди зэманым тыншу кьыщIэхъуэ-бэпыныращ сызэгупсысэр. Пщащэм и адыгэ фащэм сыт нэхъ нэIурыт дыдэу хэтыр - бгъэIупхьхэр! Арати, а бгъэIупхьхэм и теплъэр иIэу пщэрыпIэ сщIащ. ИтIанэ, мыдрей зэрызагъэдахэкэр: тхьэгъу, Iэпщlэхъу, бгырыпх, бгъэхэIуэхэр. Цlыхухъуэм папщIэ, хьэзырым и теплъэр уигу къэзыгъэкI бгъэхэIухэр. Сыт сэ сызыхуеяр? Зэманым тышу кьеэгъэкIуну! Щхьэхуэу щыгъын хуумыду, махуэ кьэс зыкIэрыплъхьэ хъуэ, сыт хуэдэ фэилъхьэгъэумэ екIуу Iэрыпс, Iэпщlэхъу хуэдэхэр сщIынырщ. КьыхэхъулIэу си гугъащ.

Дыжьынымрэ дыщэмрэ кьыхэщIыкIахэр махуэ кьэс зыкIэрилъхьэрэ щIыхуэм икIи ахэр яхуэфэщэн щыгъын щхьэхуэм щыгъын хуейщ. Адыгэ фащэр махуэ кьэс пхущIатIэгъэнукъым нобэ - ар Iуэху гъэрым хухэха хъуащ. Абы нэмыщIкIи фащэ тэмэм ебгъэдыныр лъапIэщ - дэтхэнэми ар хъищэхуфыркъым.Ебгъэдаги сощ - махуэ кьэс щыптIагъэну Iэмал уиIэкъым. Кьапщтэмэ, фащэр хъумэн хуейщ Iэмал имыIэу. Фащэ ебгъэдрэ, ныбжь уиIэ хъуа нэужь ар уи бын ептыжу, абыи езым и щIэблэм хуэзрихьэжу щыщытыр софIэфIщ - ди щэнхабзэм щыщ дахэ гуэр хэлъщ абы. Сэ си Iэрыкlэр зыхуэсщIыр щIыхуБрщ. Кьыхэсэщlыкlыр гъущIыпэ кьызэрыгуэкIщ. Ауэ итIани а гъущIыпэр тэмэму кьыхэпхын хуейщ - темыкIыжу, и фэ мыкIуэду. Iуданэри аращ - пкъы щIэтын хуейщ.

- Уи Iэрыкlэм фIэщащ тхьэкIумэм

тыншу кьиIуэу щытщ - «Shishman». Абы и лъэныкъуэкIэ уегупсыса хьэмэрэ?

- Хьэуэ. Си унэцIэр тестхэри сутIыпщауэ арат. ИтIанэ езыр-езыру хуэщ апхуэдэу - бренд хуэдэу. Пэжу а фIэщыгъэри цIыхум ягу ирихьащ.

- Уи Iэдакъэщlэкlэр куэдым зыкIэралъхьэ - ди щIыналъэми хамэ къэралхэми ягу щыдыхьащ. Сыт лъандэрэ зеузэжьрэ абыхэм?

- Мы гъэм илъэситу мэхъу Iуэхур зэрезгъажьэрэ. Си Iэрыкlэр апхуэдэу зэщIэлъэIэса хъуну сегупсысатэкъым - тIэкIу зытезгъэу хуэдэурэ кьыщIэздзаущ арат. ЗэрыжаIэщи, мафIэ цIыкIур мафIэшхуэ хъуащ. Солъагъу сэ сщIыр цIыхум ягу зэрыдыхьэр, кьыщIэупщIэр куэд хъуащ, си лэжьыгъэмэ зиубгъуащ. Тыгъэ пщыIыну фIыуэ къоззгъ. Нэхъри сытезыгъэгушхуэри? Цlыхухъэм кьыжжаIэ псалъэ гуапэ. Гугъэ гуэрхэри сиIэщ си Iэрыкlэхэр щIэщыгъуэ сщIын папщIэ. Абыхэм япыслъхьэ гъущIыпэхэр сэ езым сщIыну, сэ езым къэзгупсыса тхыпхъэ зэсщIыхьыну сохъуапсэ. Ар гугъу дыдэщ, сыт пыщIащ. Ауэ зы зэман абыи сыхуэкIуэнщ, Тхьэм жиIэмэ!

- Интернетым уи сурэт проект гъэщIэгъуэнхэм сыщрохьэлIэ...

- Си лэжьыгъэр цIыхухэм езгъэлагъун щхьэкIэ интернетыр къызэгъэсэбэп. Си Инстаграм папэкIуэцIыр згъэлажьэн папщIэ Iэмал гуэрхэри къызэгъэсэбэп. Псалъэм папщIэ, проект цIыкIу хуэдэу къеэгъэжьауэ, пасэрейм и теплъэрэ иджыдрейм и щыфэлIыфэрэ зэзыгъапщэ сурэтхэр зэпыгъэувэурэ щапхъэу къызэлъхьэ. «ДызыхэпсэукI зэманми уэзрыадыгэр плъагъуу зыпхуаIэ мэхъу» - араш абыкIэ жысIэну сызыхуейр. Е псалъэм папщIэ, си Iэдакъэщlэкlхэм ящыщ скIэрылъу мотоциклым сыбгъэдэту сурэт зэуIу къысилъхьащ. Сыт абы къызгъэкIыр жьыIэмэ, адыгэр пасэм зыщымыгъуэза гуэрым удиихэх щхьэкIэ къанэрхьым уадыгэну. Зэманым зехъуэжри, дэри зыдужьын хуейщ. МыхъумыщIэу тхэлIамэ, кьрени, дэ ди щэнхабзэ диIэжу дызыхэпсэукI зэманым псыхьа дыщрехьу! «Адыгэ» жьитIэмэ зэпымыууэ илъэс щитI яп1э псэуахэм датепсэльыхь кьудей мыхъуу, зыдужьыни хуейщ - дэ иджыпстущ дыщыпсэур!

- АтIэ, сыт дэ иджыпсту Iэмалу дызыхуекIуэн хуейр адыгэ щIэблэ узынщэ кьыдэдгъэкIуэтеин папщIэ?

- Уэру кьакIуэ гупсысэ кьомым езыхэр зыхуейр кьыхасэщхьэхуэкIыфу едгъэсэн хуейщ - араш дазэрыдзIэпыкъуфынур. Абы папщIэ дэри зэпымыуэ кьыщIэхъуэхэм я гупсысэм дыкIэлъыплъыпхъэщ. Кьапщтэмэ, зыгуэркIэ зыщыдогъасэ дэри щIэблэм я деж. Дэ ди кьыдэкIуэтеигуэным щыIа зэманымрэ иджыпсту абы зэрызихъуэжамрэ куэд я зэхуакущ. Псалъэм папщIэ, идджыпсту кьыдэкIуэтейхэр тхьыпIэ еджэу ебгъэсэнри гугъущ. Iэмал ууукIыун хуейщ дебгъэхьэхьи щхьэкIэ - ар тыншыкъым. Тхьылъым нэмыщI нэгъуэщI Iэмал куэд щIэщи, абыхэми хунэсын хуейщ ахэр - я гупсысэм куэд щIагъэкIын. Ахэр пэлъэщынущ абы - я зыужькIэр хуабжьщ.

Епсэлъар **ГУГЪУЭТ Заремщ.**

● ДифI догъэлъапIэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Черноморец» (Новороссийск) - 0:2 (0:2). Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьхьыхьм и 10-м. Цlыхуи 150-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Иванников, Мирошник (тIури Ставрополь щыщщ), Магомедов (Мэхъэчкъалэ).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Сындыкъ, Тебэрды, Шумахуэ, Мэкъуауэ (Ольмезов, 19), Джатэрыв3, Хьэшыр, Iэпщlащэ (Дзэмыхь, 76), Жангуразов (Багъэтыр, 68) Ашу (Бахьсэнокъуэ, 62), Пащты.

«Черноморец»: Аверкиев, Гараев, Омаров, Мустафин, Машэжь, Ахмедханов (Барцов, 90+1), Климов (Пацев, 82), Антонов (Панамарёв, 73), Чалый (Будагян, 90+2), Кириленкэ, Тимошенкэ (Матюшенкэ, 68).

Толхэр дагъэкIащ: Машэжьым, 7 (0:1). Тимошенкэ, 40 (0:2).

Дагъуэ къыхуащIащ: Тимошенкэ, Жангуразовым, Ольмезовым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Яп1э гупым 2020 - 2021гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ нэгъабэ Новороссийск щIэзэхэзэ зэщIащ «Спартак-Налшык» хэГъэрейхэр 2:0-у щыхигъэщIат. Щэбэт кIуами ди щIалэхэм ардыдэмкIэ дащыгуГъ хъуну къыщIэкIынт. Арщхьэкlэ абы лъабжьэ быдэ иIэтэкъым: «Черноморец»-р иджыри мэныкъуакъуэ, зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыду, яп1э дивизионым кIуэну, налшыкдэхэм зы кьалэни илъэс зыбжанэ хъуауэ хуагъэуэвыркъым. Арати, гурыуэгъуэт Новороссийск къикIахэр текIуэныгъэм нэхъ зэрыхуэныкъуэр икIи очкоищыр зыIэрагъэхьэн папщIэ я лъэкI кьызэрамыгъэнэнур. Апхуэдэущ къэхъуащ.

Джэгуп зэхаублэрп, дакъикъэ з зыбжанэ дэкIауэ арат «Черноморец»-р яп1э щищам. Абы и гуащхьауэ нэхъыфI Машэжь Ратмир иджыблагъэ зыхэта гупым и жагъуэ ищIащ, гуащхьэхъумитIым я зэхуакум дэцIэфту бжьыгъэ къыщыхэIуихам. Ди лъахэгъуэ адэкIи зэIущIэм нэхъ щыжьыджрэхъэ ящыщщ икIи мызэ-мытIэу кьыхэжаныкIыфыну щытащ. Арщхьэкlэ Ратмир хэмытуи хьэщIэхэм бжьыгъэ яГъэбэгъуэфащ икIи, яп1э къекIуэкIыгъуэм къызэрыхагъэщIам хуэдэ дыдэу, «Спартак-Налшыкым» ефIэкIыфащ.

Зэлущ1м къащытекIуами, налшыкдэхэр абы щыхуэмыхуауэ пхужьIэнукъым. Зэкъым икIи тIэукъым ди щIалэхэм я хьэрхуэрэгъуэхэм топ яхудгъэкIыфыну щыщытар, арщхьэкlэ сыт щыгъуи я насып кьикIакъым. Абы щыгуэми къыхэгъэщIыпхъэщ иужь джэгуГуиихым кьриубыдэу ахэр зэ захуэу фIэIэ къызэрыхэмыжаныкIыфар. А зэращ щыкIэкIуэфарп. Кьыппэщlэтхэм топ яхудумыгъэкIыфмэ, дауи, уапэлъэщынукъым - зи гугъу тщIы лъэхъэнэм плIэнейрэ кьыщщыхагъэщIащ. Ар хуабжьу ухэзыгъапльэщ.

«Спартак-Налшыкым» ди гур щыхигъэщIыр нэхъыбэрэми, абы зэгуэр щыджэгуагъэр нэгъэщIу щIыпIэхэм къызэрыщыкъэжаныкIым дрипIейтейуэ дыкIэлъоплъ, Кьапщтэмэ, зэхьэзэхуэм щыпашэ «Кубань-Холдинг»-м бжьыпэр ихъумэнымкIэ хуабжьу сэбэп хуэхъуащ Дыщэкl Асльэн Мэхъэчкъалэ щыIэу бжьыгъэ кьызэрыпэзэIуихар. Павловскэдэсхэм зымащIэ дыдэкIэ фIэкIа къакIэрымыкъ Краснодар и «Кубань»-м текIуэныгъэр кьригъэхьащ абы и капитан Мамты Хьэсэн дигъэкIа топ закъуэм. Аращи, дызыкIэлъыплъынрэ дызэрыгушхэрэр иджыри диIэщ.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Яп1э гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ иужьу зэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжьыгъэхэм: «**ТIуапсы**» (ТIуапсы) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **0:3**, «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Мэхъэчкъалэ) - **2:2**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **1:0**, «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) - «**ЕсэнтIыгу**» (ЕсэнтIыгу) - **2:2**, «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - **1:3**, «**Кубань**» (Краснодар) - «**Краснодар-3**» (Краснодар) - **1:0**.

Кьыкlэлъыкlуэ джэгуГуэр мэлыжьыхьым и 15-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» зигъэпсэхунущ икIи ар сэбэп кьызыхъуну дыщыгуГынщ и къарурыкъэзэщIигъэуIуэжьмкIэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Щlэ

Гулъытэр я гъуэзэщ

Мы махуэхэм дунейм къытехьащ «Щхьэгъубжэ» («Окна») зыфIащащ журналым и яп1э къыдэкIыгъуэр.

«ЩIэГъэКъУэН» фIэщыгъэм щIэту лажьэ социальнэ къулыкъуэм маживщым зэ къыдигъэкIыну журналым и къалэн нэхъыщхьэр ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ щыныращ. Журналым и редактор Черновэ Маринэ дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, куэд щIалэ я мурадыр иIэт, абы къежьапIэ хуэхъуаери кIыхьу сымэджа и анэм дишэча гугъуехьхэмрэ игуэта дэIэпыкъуэгъэхэмрэт. «Ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ е апхуэдэ зи хуэгъуэм ис дэтхэнэри гугъу йохь. Сыхуейт абыхэм сыт щыгъуи гулъытэрэ гущIэгъуэрэ ягъутыну», - жеIэ жэрдэмыр эйм.

«Щхьэгъубжэмэ» и яп1э номерым социальнэ дэIэпыгъуэгъуэ хуэныкъуэхэм ящIэн хуей хабзэхэр къыщыхьащ. Апхуэдэущ мыбы щытопсэлтыкъ ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ цIыху щхьэхуэхэм, псапащIэ организацэхэм, «Опора» зэгухьэныгъэм игъэзащIэ къалэнхэмрэ и Iэхъутхьэбзэхэмрэ, спортым ехъулIэныгъэ щIэзэзыгъэгъуэтахэм. ЩIэм хэпльхьэм журналыщIэр зи уэрыншагъэм ныкъуэныгъэ иIэ дэтхэнэми сэбэп зэрахуэхъуным.

ХЬЭТУ Астемир,
«ЩIхьэгъубжэ» журналым и редакторым и дэIэпыкъуэгъу.

● Футбол

Новороссийск щыкIуам куэдкIэ нэхъыфIам

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Черноморец» (Новороссийск) - 0:2 (0:2). Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьхьыхьм и 10-м. Цlыхуи 150-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Иванников, Мирошник (тIури Ставрополь щыщщ), Магомедов (Мэхъэчкъалэ).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Сындыкъ, Тебэрды, Шумахуэ, Мэкъуауэ (Ольмезов, 19), Джатэрыв3, Хьэшыр, Iэпщlащэ (Дзэмыхь, 76), Жангуразов (Багъэтыр, 68) Ашу (Бахьсэнокъуэ, 62), Пащты.

«Черноморец»: Аверкиев, Гараев, Омаров, Мустафин, Машэжь, Ахмедханов (Барцов, 90+1), Климов (Пацев, 82), Антонов (Панамарёв, 73), Чалый (Будагян, 90+2), Кириленкэ, Тимошенкэ (Матюшенкэ, 68).

Толхэр дагъэкIащ: Машэжьым, 7 (0:1). Тимошенкэ, 40 (0:2).

Дагъуэ къыхуащIащ: Тимошенкэ, Жангуразовым, Ольмезовым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Яп1э гупым 2020 - 2021гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ нэгъабэ Новороссийск щIэзэхэзэ зэщIащ «Спартак-Налшыкым» хэГъэрейхэр 2:0-у щыхигъэщIат. Щэбэт кIуами ди щIалэхэм ардыдэмкIэ дащыгуГъ хъуну къыщIэкIынт. Арщхьэкlэ абы лъабжьэ быдэ иIэтэкъым: «Черноморец»-р иджыри мэныкъуакъуэ, зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыду, яп1э дивизионым кIуэну, налшыкдэхэм зы кьалэни илъэс зыбжанэ хъуауэ хуагъэуэвыркъым. Арати, гурыуэгъуэт Новороссийск къикIахэр текIуэныгъэм нэхъ зэрыхуэныкъуэр икIи очкоищыр зыIэрагъэхьэн папщIэ я лъэкI кьызэрамыгъэнэнур. Апхуэдэущ къэхъуащ.

Джэгуп зэхаублэрп, дакъикъэ з зыбжанэ дэкIауэ арат «Черноморец»-р яп1э щищам. Абы и гуащхьауэ нэхъыфI Машэжь Ратмир иджыблагъэ зыхэта гупым и жагъуэ ищIащ, гуащхьэхъумитIым я зэхуакум дэцIэфту бжьыгъэ къыщыхэIуихам. Ди лъахэгъуэ адэкIи зэIущIэм нэхъ щыжьыджрэхъэ ящыщщ икIи мызэ-мытIэу кьыхэжаныкIыфыну щытащ. Арщхьэкlэ Ратмир хэмытуи хьэщIэхэм бжьыгъэ яГъэбэгъуэфащ икIи, яп1э къекIуэкIыгъуэм къызэрыхагъэщIам хуэдэ дыдэу, «Спартак-Налшыкым» ефIэкIыфащ.

Зэлущ1м къащытекIуами, налшыкдэхэр абы щыхуэмыхуауэ пхужьIэнукъым. Зэкъым икIи тIэукъым ди щIалэхэм я хьэрхуэрэгъуэхэм топ яхудгъэкIыфыну щытащ, арщхьэкlэ сыт щыгъуи я насып кьикIакъым. Абы щыгуэми къыхэгъэщIыпхъэщ иужь джэгуГуиихым кьриубыдэу ахэр зэ захуэу фIэIэ къызэрыхэмыжаныкIыфар. А зэращ щыкIэкIуэфарп. Кьыппэщlэтхэм топ яхудумыгъэкIыфмэ, дауи, уапэлъэщынукъым - зи гугъу тщIы лъэхъэнэм плIэнейрэ кьыщщ